**दिन–रविवार** **दिनांक–01.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

अमरीका आ इजराएल के ईरान पर संयुक्त हमला मे ईरानक सर्वोच्च नेता अयातुल्ला अली खामेनई के मृत्यु भऽ गेल अछि। ईरानक सरकारी टेलीविजन खबरि देलक अछि जे हमला मे ईरानक सैन्य प्रमुख आ रक्षामंत्रीक सेहो मृत्यु भऽ गेल अछि। एम्हर, ईरानक सुरक्षा प्रमुख अली लारीजानी कहलनि जे ईरान मे सत्ता परिवर्तनक प्रक्रिया आइ सँ आरंभ होयत। ओ जनौलनि जे एक अंतरिम नेतृत्व परिषद गठित कयल जायत जे अगिला नेताक चुनाव होयबा धरि देशक कार्यभार सम्हारत। ओतहि, ईरानक सर्वोच्च नेताक मृत्युक बाद कश्मीर सँ लऽकऽ लखनऊ धरि शिया समुदायक लोक सभ सड़क पर विरोध प्रदर्शन कयलनि। राष्ट्रीय जनता दल सेहो ईरान पर अमरीका आ इजराएलक हमला के संपूर्ण मानवताक विरूद्ध हमला करार देलक अछि। राजदक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहल गेल अछि जे भारत अपन एक दोस्त गँवा देलक अछि।

---

विदेश मंत्रालय भारत मे रहि रहल एहेन सभ विदेशी नागरिकक लेल परामर्श जारी कयलक अछि जे अपन वीजाक विस्तार या अपन ठहराव के नियमित करय चाहैत छथि। ई परामर्श पश्चिम एशियाक एखनुका घटनाक्रम के देखैत जारी कयल गेल अछि। मंत्रालय कहलक अछि जे एहेन नागरिक सभ के लऽगपासक विदेशी क्षेत्रीय पंजीकरण कार्यालय सँ संपर्क करबाक चाही।

---

भारतीय दूतावास भारतीय नागरिक सभ सँ ईरान पर अमरीका आ इजराएल के हमला के देखैत सतर्कता बरतबाक अपील कयलक अछि। इजराएल मे भारतीय दूतावासक नओ सात दू–पांच चारि– सात पांच दू शून्य सात एक एक आ नओ सात दू– पांच चारि– दू चारि दू आठ तीन सात आठ पर संपर्क कयल जा सकैत अछि। ईरानक राजधानी तेहरान स्थित भारतीय दूतावासक नंबर– नओ आठ नओ एक दू आठ एक शून्य नओ एक एक पांच आ नओ आठ नओ एक दू आठ एक शून्य नओ एक शून्य नओ अछि। यूएईक राजधानी अबूधाबी मे भारतीय दूतावासक टॉल फ्री नंबर– आठ शून्य शून्य– चारि छओ तीन चारि दू आ व्हाट्सएप नंबर– नओ सात एक– पांच चारि तीन– शून्य नओ शून्य– पांच सात एक पर संपर्क कयल जा सकैत अछि। सउदी अरबक रियाद स्थित भारतीय दूतावासक नंबर– शून्य शून्य–नओ छओ छओ– एक एक– चारि आठ आठ– चारि छओ नओ सात आ शून्य शून्य– नओ छओ छओ– पांच चारि दू–एक दू छओ– सात चारि आठ अछि। सीरिया मे दमिश्क स्थित भारतीय दूतावास सँ नओ छओ तीन– नओ नओ तीन– तीन आठ पांच– नओ सात तीन पर संपर्क कयल जा सकैत अछि। इराकक राजधानी बगदादक भारतीय दूतावास सँ अंग्रेजी आ हिन्दीक लेल नओ छओ चारि– सात सात एक– छओ पांच एक– एक एक आठ पांच पर आ अरबीक लेल नओ छओ चारि– सात सात शून्य–चारि चारि चारि–चारि आठ नओ नओ पर संपर्क कयल जा सकैत अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के आइ पचहत्तरिम जन्म दिवस अछि। हुनक जन्म दिन पर पटना सहित पूरा राज्य मे कार्यक्रम आयोजन कएल गेल। जदयू कार्यालयक बाहर कार्यकर्ता सभ केक काटि कऽ हुनक जन्मदिन मनौलनि। मुख्यमंत्रीक जन्मदिन के अवसर पर कतेको कल्याणकारी योजना सभक प्रारंभ कयल गेल। ग्रामीण विकास विभागक दिस सँ आंगनबाड़ी केन्द्र सभ मे पढ़यवला एकावन लाख बच्चा सभ के पोशाक वितरित कयल गेल। जीविका दीदी द्वारा तैयार पोशाक वितरण अभियानक प्रारंभ पश्चिम चंपारण जिलाक वाल्मीकिनगर आ बगहा सँ कयल गेल। ओतहि, भवन निर्माण मंत्री अशोक चौधरीक सरकारी आवास मे रक्तदान शिविरक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————

बिहार विधानसभाक अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के हुनक जन्मदिन पर बधाई देलनि अछि।

———————————————————————

होली आ रमजान के लऽकऽ राजधानी पटना सहित प्रदेशभरि मे सतर्कता बढ़ा देल गेल अछि। पटना प्रक्षेत्रक आईजी जितेन्द्र राणा संबंधित जिलाक पुलिस अधीक्षक सभ के निर्देश देलनि अछि जे संवेदनशील क्षेत्रक पहचान कऽ ओहि क्षेत्र सभ अतिरिक्त पुलिसकर्मी सभ के तैनात करथि।

---

समाप्त